



DEZAY AK KONSTRIKSYON PWOJÈ A I-395/SR 836/I-95

Nimewo finansman Pwojè a: 251688-1-52-01, 423126-1-52-01, 423126-2-52-01, 429300-2-52-01

**Kominote
Sekirite
Deplasman
Dirabilite**

SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ

Ekip pwojè a pare pou enfòm kominote a sou tout etap enpòtan nan pwojè a epi kreye mwayen pou yo fè moun byen konprann tout amelyorasyon yo pwopoze yo.

Pou dènye enfòmasyon sou pwojè a al sou sit sa a:
[I-395Miami.com](https://www.i-395miami.com)

 **Oscar Gonzalez III**
Espesyalis Akonpayman Kominotè
Cell: 786-280-0983
Oscar.Gonzalez2@dot.state.fl.us

 **Andres Berisiartu, P.E.,**
Manadjè Pwojè Konstriksyon an
FDOT District Six
1000 NW 111 Avenue, Miami, FL 33172
Andres.Berisiartu@dot.state.fl.us

 **Auraliz Benitez, P.E.,**
Manadjè Pwojè Desen plan an
FDOT District Six
1000 NW 111 Avenue, Miami, FL 33172
Auraliz.Benitez@dot.state.fl.us

Pwojè I-395/SR 836/I-95 la se yon patenarya ant Depatman Transpò Eta Florid la (FDOT) ak Ajans Otowout de Gran Miami (GMX), kote konstriksyon yo limite nan State Road (SR) 836 kòmanse nan NW 17 Av. epi y ap kontinye sou tout SR 836/I-395/I-95 (Midtown) Interchange rive nan pon MacArthur Causeway a. Limit pwojè a nan I-95 kòmanse depi nan NW 8 Street rive NW 29 Street. Pwojè sa a dwe fini ann fen 2029. Pwojè a ap koute \$865 milyon dola. Tan yo estime pwojè a pral fini an kab chanje akòz move tan oubyen lòt rezon nou pa prevwa.


PWOJÈ SA A AP:

Transfòme **KOMINOTE** nou an nan rebati y ap rebati I-395, sa enkli pon ki travèse Biscayne Boulevard epi ki pèmèt gen yon koneksyon ak Overtown, Lavil Miami, Omni, ak Edgewater pou yo konekte ant yo menm gras ak kèk santye ki kole e ki enkli aktivite kominotè.

Amelyore **SEKIRITE** pou chofè ak pasaje k ap antre soti sou SR 836 ak I-95 nan zòn Midtown nan. Redui posibilite pou y ap fè kwazman dwòl nan zòn sa a. Yo pral bati yon nouvo wout pou pyeton ak kote pou pyeton travèse lari pou amelyore pwoteksyon yo nan zòn sa a tou.

Fasilite **DEPLASMAN** pou moun ki abite nan vil la, moun k ap fè ale vini nan vil la ak touris tou gras ak ogmantasyon kapasite wout SR 836, I-95 ak I-395. SR 836 la ki ap vin tounen yon wout de etaj ki ap pèmèt gen koneksyon dirèk ant SR 836 ak MacArthur Causeway. Y ap amelyore depasman nan Overtown gras ak yon koneksyon ant NW 2 Avni anba I-395 ak amelyorasyon y ap fè nan wout ki kwaze ak yo a.

Y ap fè pwojè sa a sou baz **DIRABILITE** pou moun ki ap fè ale vini nan vil la, pou moun ki rete nan vil la epi pou biwo leta yo nan vil la. Diferan aspè nan santye a se bagay yo enköpore dirabilite ladan pandan y ap reyalize kèk chedèv estetik ak amelyorasyon kominote a tou.



AMELYORASYON SR 836 YO

Pwojè sa a se ap kontinye pwogram travay GMX la pou modènize pasaj SR 836 la. Amelyorasyon SR 836 ap sot nan NW 17 Avni rive nan Midtown Interchange lan. Amelyorasyon sa yo ap enkli yon dezyèm etaj sou SR 836 ki an de etaj, kòmanse a lès rive jouk nan pòs peyaj yo nan 17 Ave., k ap monte nan mitan SR 836 la pou desann al sou I-395, nan lès I-95 interchange la. Seksyon wout SR-836 ki gen 2 etaj la ap pèmèt chofè jwenn yon koneksyon dirèk ak MacArthur Causeway a e li pa gen trafik lokal k ap ni antre ni soti. Wout SR 836 ki la ansanm ak pon yo pral sèvi kòm sistèm koleksyon ak distribisyon pou pèmèt chofè yo antre soti sou wout lokal ki la deja yo epi sou I-95. Sistèm koleksyon ak distribisyon an a redui nan mouvman antre soti ki gen la kounye a epi l ap amelyore sekirite, kreye pi bon sikilasyon sou SR 836.

Met sou sa, wout ranp Sr 836 ki al alès ki rive e ki la kounye a ki rive nan I-95 ki al nan nò a se yon wout yo pral elaji ak yon liny anplis pou redui anbouteyaj ki nan zòn sa a kounye a.

I-95 REKONSTRIKSYON CHOSE AN BETON YO

Amelyorasyon sa yo se amelyorasyon ki soti depi NW 8 Street rive nan NW 29 Street. Yo enkli yon ranplasman total pou chose beton yo pou ni wout ni liy ki ale nan nò yo ak sa ki ale nan sid yo.

Y ap ajoute yon liy apa sou I-95 ki pral nan nò soti NW 17 Street rive nan NW 29 Street pou l resevwa trafik ki ap sot nan lès ranp SR 836 pou l resevwa trafik adisyonèl k ap sot sou ranp SR 836 pou al sou I-95 ki al nan nò a epi amelyore sikilasyon an k ap pase pa Midtown nan.

Nan pwojè a y ap bati yon nouvo ranp ki ap k ap sot nan direksyon sid I-95 ki pral nan direksyon wès sou SR 836 la.

Nouvo ranp sa a ap amelyore sikilasyon epi ap redui tout kwazman ki konn fèt nan zòn sa a. Pati sa a ap redui danje sou wout la tou.


REKONSTRIKSYON K AP AMELYORE I-395

Y ap fè amelyorasyon sou wout I-395 la soti depi kote wout SR 836/I-95/I-395 rankontre nan zòn (Midtown) nan rive sou MacArthur Causeway, se ap prèske yon longè 2.3 kilomèt. Nan pwojè sa a, yo pral rebati kote pon an ye kounye a epi y ap ranplase l ak yon bèl pon 1, 025 pye an longè k ap travèse NE 2 Avni ak SR5/Biscayne Boulevard, pon sa a ap chanje figi Miyami nèt gras a 6 bèl chema li yo.

Pwojè sa a ap pèmèt plis machin pase sou I-395 la. Sou wout sa a, ap vin gen twa liy ki pral nan chak direksyon epi pwojè a ap pèmèt gen ranp pou koneksyon separe pou trafik ki pral sou I-95 la oubyen k ap soti sou I-95 la.

Ranp yo ki sot sou I-395 nan direksyon lès sou NE 2èm avni ki la deja yo, yo pral mete yo sou North Miami Avni epi ranp ki al nan direksyon lwès nan NE 1 Avni a, y ap mete l a lwès North Miami Av. Y ap rekonekte NW 2 Avni anba I-395 la pou yo kapab bay moun ki ret nan zòn plis askè.

ESPAS POU AKTIVITE KOMINOTÈ ANBA I-395



Poto mitan pwojè sa a se pon grandyoz la ki chanje panorama vil la epi li tounen yon gran senbòl kominote nou an vin fyè de li. Pon grandyoz la ak estrikti ki sou kote l yo ap pèmèt zòn ki anba l la vin transfòme kote k gen espas kominotè anba ki ap briye. Espas sa yo mete ak wout pyeton an la pou moun k ap viv nan Overtown yo jwi li ansanm ak lòt kominote ki tou pre yo epi pou moun k ap vizite vil la.

Depatman an ak Vil Miami ap met tèt ansanm pou yo amelyore plan desen pou tout espas piblik anba I-395 yo.

MEN KÈK AVANTAJ PWOJÈ A:

- Y ap ogmante kapasite wout SR 836 soti nan NW 17 Ave. rive sou I-95 pou amelyore sikilasyon an
- Kote SR 836 pral gen 2 etaj la sa ap pèmèt machin al dirèk sou MacArthur Causeway a
- Ajoute y ap ajoute yon liy trafik anplis sou ranp ki ale nan direksyon Ès ou SR 836 pou ale nan direksyon Nò sou I-95 la, sa pral amenaje sikilasyon an epi sa pral fè gen mwens danje sou wout la
- Y ap ajoute yon liy apa sou bò Nò wout I-95 la soti nan bò Nò NW 17 Street ale sou NW 29 Street pou pran trafik ki prale nan direksyon Ès sou ranp SR 836 la pou al nan direksyon Nò sou I-95
- Ap gen yon nouvo ranp sou I-95 nan direksyon Sid k ap mennen sou 836 nan direksyon Wès ki pral amelyore sikilasyon an epi redui kwazman machin nan zòn sa a
- I-395 pral gen 3 liy dirèk nan chak direksyon epi pral gen ranp pou koneksyon apa pou trafik k ap antre soti sou I-95
- Ranp ki la deja pou machin antre soti sou I-395 la y ap deplase yo al mete yo nan direksyon Wès sou North Miami Avenue, sa pral amelyore sikilasyon an nan zòn sa a epi sa pral pèmèt gen plis liy trafik sou I-395 la ki prale nan direksyon Nò ak direksyon Sid
- Yo pral sèvi ak yon espas 9 kawo tè (30 acres) anba I-395 la pou moun sèvi, epi y ap mete tren soti depi nan NW 3 Avenue pou al sou Biscayne Boulevard
- Pral gen yon nouvo pon pou pyeton sou wout tren FEC (Brightline) pou pèmèt moun travèse san danje epi pou pèmèt yo fè deplasman yo